



Akademisyen Wilner DORLUS

Prezantasyon

Akademisyen Wilner DORLUS fèt nan komin Aken, depatman Sid 21 oktòb 1966. Soti 1987 rive 1990 li etidye Lenguistik nan Fakilte Lengwistik Aplike, Inivèsite Leta Ayiti. Nan lane 2005 pou rive 2007 nan Inivèsite Antiy-Giyàn (UAG), li fè yon metriz nan Didaktik lang franse. An 2011, li fè yon metriz nan Syans Devlopman nan Fakilte Etnoloji.

Piblikasyon

Pami pwodiskyon li yo, gen:

- *Modil Fòmasyon pou kominikasyon kreyòl*
- *Gramè Kreyòl*

Angajman

Li se pwofesè Lang Kreyòl nan plizyè invèsite ak lekòl segondè nan kapital la. Li pwodui dokiman an kreyòl pou pwofesè/fòmateur. Wilner DORLUS genyen yon bèl karyè kòm pwofesè nan nivo klasik ak inivèsite: pwofesè Didaktik Lang kreyòl nan Inivèsite Episkopal Ayiti pou Depatman Syans Edikasyon, depi 2006; pwofesè sosyolengwistik ak kominikasyon kreyòl nan CREFI, depi 2006; pwofesè Kominikasyon kreyòl nan Lise Anténor FIRMIN.

Li angaje li nan sektè sa yo :

- Rechèch
- Lengwistik
- Edikasyon
- Dwa timoun
- Dwa moun

Se **Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS)** ki te depoze dosye kandidati Wilner DORLUS kòm Akademisyen.